ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДДОКІ

№№184-185 (21.093)●2007 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 19, бэрэжьей●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Джэрыджэ Хь. Хь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Мэз хозяйствэм и ІэнатІэм щиІэ фІыщІэм папщІэ икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыри **Джэрыджэ Хьэжмусэ и къуэм** - «Лэскэн мэз хозяйствэ» къэралІуэхущІапІэм и Лэскэн Ипщэ лесничествэм и мэзхъумэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм фокІадэм и 14-м
№68-УП

Инарыкъуей - школыщІэ, Тэрч поликлиникэ къыщызэІуах

КъБР-м и Президентыр лэжьыгъэ Іуэхукіэ Тэрч районым щыІаш, Псом япэу республикэм и Іэтащхьэрэ щІэныгъэм абы щыгъуэ минис тІр зэмрэ хэ таш Тэрч къалэм щауэху сабий поликлиникэр къызэІуахыным. Мы уахътыгъэм мыхьэнэщхуэ зэриІэр фІыуэ къагурОуэ зи сабийхэр пэшхъ фІэкІ мыхьу поликлиникэ зэвым щылажьэ дохутырхэм я деж зышэу щыта анэхэм. Дауи, абы щыгуфІыкІаш ешы пендатрэзри. Поликлиникэр ехьажьауэ ныкъым, зэрыхьур зы кІэтщ, унэри нэхъ пасэу ящІауэ щытащ, ауэ ар екІуу зэрагъэпэщыжащ, зыхуэей медицинэ Іэмэпсымэ псомкІи къызэрагъэпэщащ. Сабийхэри мы Іуэхум зэрыгурыфІам и щыхьэту, Президентым и пашхьэм къыщежащ поликлиникэщІэм теухуа поэмэ кІыхьым.

НЭРЫЛЪАГЪУУ къэщІэрэщІэжащ Тэрч дэт интернат школым и унэри. Пэжщ, абы иджыри кІарауущхуэ екъэлэн хуейщ. «ЗэкІэ зыхуэей хуэзар сабийхэм я псэупІэ Іыхьэрщ, - жиІащ а лэжьыгъэр езыгъэкІуэжкІ, «Промсервис» Іуэхущапіэм и унафэщІ КІэрэф Виталий, - Дяпэкіэ ещанэ ІэмалІ ІэнатІэрэ къаугъэпэщыж щхьэкІэ».

Къаноокъуэ Арсен а псоми щыгъуазэу къыщІэкІащ: «Лэжьыгъэхэр зэрыгъэфІэмыкІыр сошІэ, ауэ влэжьыри щащІэкъым икІи фи зэфІэкІым арэзы укъещІ. Дэ дяпэкІи тльэкІ къэдгъэнэнукъым щІэблэр е джэн папщІэ Іэмал нэхъыфІхэр къаугъэпэщын щхьэкІэ».

Интернатым и псэупІэ унэр нэгъэсауэ зэгъэнэпщыжа зэрыхъуэм гу лыбІотэ. Абы трагъэкІуэда ахьшэр хэкІыпІищым я хьэкъкІэ къызэрагъэпэщащ. Сом мелуани 3,8-рэ УФ-м и Президентым и программэм хилъадэу къаутыпщащ, сом мелуан 1,5-рэ КъБР-м и Президентым и фондым къыхэкІащ, сом мелуани 2 республикІэ бюджетым щыщу кьратащ. Унэр къыхэпиплъыхьа иужь, Президентым подрядчикым жриІащ унащхьэм тІэкІу кІэлъыплъыжыну.

АдэкІэ республикэм и Іэтащхьэр консерв заво дымрэ «Тэрчалмаз» ООО-мрэ щыІащ икІи лэжьапІэ ІэнатІэхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ абыхэм яхуигъэувауэ щита пщэрыльхэр зэрагъэзащІэм щІэупщащ. Консерв заводым зыкъомкІэ зрагъэубгъуащ, иджы абы цыху 200 щолажьэ. Президентыр щІэупщащ ухуэнэрыщхьэпІэ материалхэр къыщащІэхуэм. Езы щыІалъэм щыщ Іуэхущапіэхэм я деж къыщащэхуауэ щыжаІэм, Къаноокъуэ Арсен абы арэзы текъуащ икІи дяпэкІи ахьшэр республикэм зэримыкІыным хущІэкъуну, зыхуеиныгъэр жыжьэ мыкІуэу къащэхуну къыхуриджащ. Ар лъэныкъуитІым и деж кІи нэхъ фейдэщ.

«Тэрч чалмаз» ООО-м ювелир продукцэ къыщІигъэжьну и мурадщ. Апхуэдэу республикэм и Іэтащхьэм жриІащ предприятэм и унафэщІ ЛІэужь Адамбий. Заводым къыщыгъэжІ продукцэм хуэдитІкІэ хигъэхъуащ. АбыкІэ сэбэп хъуащ, КъБР-м и Президентым и дэлпікъуныгъэм хэпъу, къдІэрыгъэ сырымкІэ квотэхэр процент 50-кІэ нэхъыбІэ зэращІар.

АдэкІэ хьэщІэхэр епльащ совет зэманым яухуауэ щыта, иужькІэ ябгынэжа сату комплексым, Ар иджы зэтрагъэувэжыну я мурадщ. Мы Іуэхур и пщэ дильхьэжащ Налшык хьэлэз Зыбийм и унафэщІ Кудалий Мухьэмэд.

- Унэр, шэ ч хэмылъу, инщ, фэ т етщ, - жиІащ Къаноокъуэ Арсен. - Ар ближайауэ щыбгъэт хъунукъым. Сэ кІэкІэгуроІуэ нэхъ фейдэшхуэ къэзытын Іэнатіэхэри зэрыщыІэр, ауэ мыпхуэдэ унэр уеплъурэ зэпкърыбгъэху хъунукъым. Къалэдэсхэм я дежкІи абы мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыту жыпІэмэ мыр кьалэм ику дыдэм дэтщи, псори тыншу къекІуэлэфынущ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ар идкыьрей Іэмэпсымэ нэхъыфІ дыдэхэмкІэ мыхьэнэпэщыпхъэщ, кьапщтэмэ, эскалаторхэр щІэтъэувэн хуейщ.

КъыкІэлъыкІуэу хьэщІэхэр зэпІа ухуэныгъэм узыщыгуфІыкІыну хэльыр машІэщ. Тэрч дащІыхь спорт комплексым и ухуэныгъэр, ахьшэр къаэзремэщІэжІам благъэм - жэпуэгъуэ - щжІыгъуэ мазэхэм кьриубыдэу кьыфІэрыщІагъэхьэнщ, - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

- Ахьшэм и ныкъуэр республикэ бюджетым, адрей Іыхьэр бюджетым щымыщ нэгъуэщІ зэкІэлпІэхэм кьыхэтхыщи».

Иужь дыдэу Президентымрэ абы щыгъуэхэмрэ Инарыкъуей кьуажэм нэсащ. Ахэр хэтащ школыщІэм щыщу сабий 217-рэ зыщІэхуэну Іыхьэр кьыщыІэуахым. Нобэм кьэс кьуажэ сабийхэр зыщещджар школ уэн Іэзэвльэззэт. Иджы ар екІуу зэрагъэпэщыжащ. Абы нэмыщІ щІэуэ нэгъуэщІ зы уни яухуащ еджапІэ пэшхэр, бэнакІуэхэм зыщагъасэ, лекцэхэм кьыщеджэ, шхапІэ х эту. КьэхуауэтІыпщыну кьыщІагъэтуащ сом мелуан 36-м щыщу а Іуэхуэхэм сом мелуан 15 трагъэкІуэдащ. Адрей ахьшэр дызыхуэкІуэ ильэсым кьаэрыхьэнущ. Ауэ абы пэмыплъэу спортзалыр нагъэсын папщІэ, Президентым ухуэкІуэхэр кьигъэгугъащ езым и фондым кьыхэкІыу дызыхуэкІуэ мазэм сом мелуани 3 кьиутІыпщыну. Абы и фІыщІэкІэ спортзалыр щІымахуэм ирихьэлІэу хьэзыр ящІынущ.

«ШколыщІэ кьызэІуахынкІэ сытым деж Іуэху гуфІэгъэщ, - жиІащ Къаноокъуэ Арсен. - Мы гъэм КъБР-м школу 8 щІэуэ зэрыщащІар кьэпльытэмэ, зэхьуэкІынныгъэфІхэр зэрыдиІэр нэрылъагъущ. Республикэр хуэмурэ кьызэІуахыну щедгъэджэн папщІэ гъэ кьэс цыху 50 дгъэкІуэну дызэримурадыр».

Президентыр кьуажэдэсхэм яхуэзащ икІи епсэльащ. Инарыкъуей псыкІэ гуГу иохь. Президентым щІыхь зэриІащ жылагъуэхэр псыкІэ кьызэрызэрагъэпэщыр егъэфІэкІуэныкъкІэ федеральнэ программэм мы къуажэри зэрыхагъэхьар икІи а лэжьыгъэхэм дызыхуэкІуэ ильэсым зэрыщІадзэнущ.

ЩыдагъэІ кьыщІэщыпІэу мы жылэм пэгъунэгъуэ щыІэхэм узыщыщагъэм и дежкІэ зэранигъэ зыпылъ газыр кьаІэщІэкІынкІэ хьуну щІыхуэхэм щынагъэ зэрагъэм теухуауэ Къанокъуэ Арсен кьыхигъэщащ: «Дэ мы Іуэхум ди нэІэ тедгъэкІынукъым, хьэуам и щыгъкІэр зэпымыууэ кьапщытэнущ. Хуэит хьумэ, щыдагъэ кьыщІэщыпІэхэр зэхуэтщІыпэнущ. ЩІыдагъэм кьитыну хэхъуэм нэхърэ ди дежкІэ нэхъ льапІэщ щІыхуэхэм я узынщагъэр».

МЕЧИЕВ Асхат,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

ЕджапІэщІэр дакьикъэ бжыгъэ дэкІэ къызэІуахынущ. Абы кьрихьэлІащ КъБР-ми Президент Къанокъуэ Арсен, Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Дышэкі Мадинэ, Тэрч куейм и тхьэмадэ Пэнагуэ Максим, министрхэр, депутатхэр.

Еутыхъ Ася и Іэдакъэщ Іэкіэгъэр Эрмитажым щагъэлъагъуэ

Къэрал Эрмитажым (Санкт-Петербург) и 152-нэ гъэлъэгъуапІэ пэшым дыгъуасэ щІыху куэд кьрихьэлІэу кьыщызэІуахащ адыгэ сурэтыщІ-дышэкІ щІэрыІуэ Еутых Ася и Іэдакъэщ Іэкіэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

●Дыгъуасэ

«ХАБЗЭМ и гъуджэм» зыфІащэ выставкэр кьызэрагъэпэщащ Эрмитажымрэ "Saral'r Gallery" компаниемрэ я зэгурыІуэныгъэкІэ. Уньку кьрахьащ Еутыхьм и Іэдакъэщ Іэкіэм хуэдэ ІуэрІуатэ. Сыщхьэ лІэужьыгъуэхэм елэжьу Кавказ Ищхьэрэм щыІэр Ася и закъуэщ. "Нартхэр" пасэрей Іуэрыіуатэр, адэжь лъахэм кьыпкъыкІ кьарухэр, Мейкьуапэ археологие щэнхабзэр - ахэращ Еутыхьм бгъэдэль зэчиим нэхъри нэхъ дахэу икІи ину зыкъызэІуихьынымкІэ "хьигъэхьуапІэ" хьур. Адыгеим кьыщальхуэ икІи щыпсэу, дунейм и щІыпІэ куэдым кьыщащІыху дышэкІ Іэзэм и лэжьыгъэхэр Налшыкы мызэ-мытІэу щигъэлъэгъуащ.

Еутых Ася и Іэдакъэщ Іэкіэр тельыджэу кьаэращыхьур кьыхигъэщащ гъэльэгъуэныгъэр кьыщызэІуихым кьэпсэльа, Къэрал Эрмитажым и унафэщІ **Пиотровский Михаил.** Выставкэр зэрыщызэІуахым щыІащ музыкэмрэ киномрэ я мазэстрэхэу **Темырканэ Юрэрэ Сокъур Александрэ,** УФ-м щыпсэу адыгэжьм я Лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщІ **Уэ хутэ Александр** (Черкесск), "Адыгэ унэ" тыкуэным и тхьэмадэ **ІутІыкъ Мэжид** (Налшык), США-м, Франджым, Польшэм я генеральнэ консулхэр, дахагъэм дихьх нэгъуэщІ куэдри.

НЫБЭЖЬ Таисэ,
ХьЭПЭ Маринэ.

щІыр щыхьеящ.

МЧС-м къызэритамкІэ, сыхьэт зыбжанэм кьриубыдэу балли 6-м нэсу ар щІыпІи 4-м щатхащ.

Зэтекъута щыІэкъым, зыми фэбжь хихакъым.

(ИТАР - ТАСС).

Нэгъэщ Іхэм загъэхьэзыр

Жылагъуэ палатэм зэхьэзкІынныгъэ ищхэр къыпопльэ.

Абы хагъэхьыжынущ цІыху цІэрыІуэ куэд. Палатэм щІэуэ хагъэхьэнухэр наІуэ щыхьэнур ахэр хэт сымэмк щыгъэбелджыпІа Указым УФ-м и Президентым Іэ щІидза нэуэкщ.

Указыр фокІадэм и кІэхэм къыдэкІыну хуагъэфащэ.

КъыщЭкІуакъым

Дагъыстаным и МВД-м къызэритамкІэ, щІэпхъаджащІэхэр ябыдыным теухуа Іуэхуэгъэу щыхьэкІа щрагъэкІуэкІым. Кьызыл-Юрт щаукІащ щІыпІэ боевикхэм я Іэтащхьэ, террорист еру дыдэхэм яущщ Халилов Рабани.

Ар террорист щІэпхъаджагъэу 60-м щИигъэм я къызэгъэпэщакІуэт. Накьыгъэм и 9-м Каспийск къалэм щалэжьа, ЦІыху мамыру 45-м я гъащІэр зыхьа хьэкІэкхъуэкІагъэр зи Іэужьыр Халиловырщ.

Бандитхэм зыкъыщамытым, абыхэм зыщагъэбыда унэр къагъэуэн хуей хъуащ.

Хэхьныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

Урысейм и Демократие партым (ДПР) и дыгъуасэрей съездым кьыщащІащ Кърал Думэм и депутатхэм я кандидатхэм я спискэр.

Иджы ар хэхьныгъэхэм и пэ кьиухуэ апхуэдэ зэІущІэ езыгъэкІуэкІа партхэм я етхуанэщ.

Нэхъ пасэу я спискэхэр яГъебелджкІащ «Яблоко», ЛДПР партхэм, нэгъэущІхэм.

Зытекъутакъым

Камчаткэм зыбжанэрэ

хэр апхуэдэ утыку льагэ кІызыхьа бзыльхугъэм и гуГу пщІымэ, дышэхэкІэмкІэ абы хуэдэу ІэпщІэльапщІэ зыщыІэуІуахащ. Сыщхьэ ІэщІ лІэужьыгъуэхэм елэжьу Кавказ Ищхьэрэм щыІэр Ася и закъуэщ. "Нартхэр" пасэрей Іуэрыіуатэр, адэжь лъахэм кьыпкъыкІ кьарухэр, Мейкьуапэ археологие щэнхабзэр - ахэращ Еутыхьм бгъэдэль зэчиим нэхъри нэхъ дахэу икІи ину зыкъызэІуихьынымкІэ "хьигъэхьуапІэ" хьур. Адыгеим кьыщальхуэ икІи щыпсэу, дунейм и щІыпІэ куэдым кьыщащІыху Іэзэм и лэжьыгъэхэр Налшыкы мызэ-мытІэу щигъэлъэгъуащ.

Еутых Ася и Іэдакъэщ Іэкіэр тельыджэу кьаэращыхьур кьыхигъэщащ гъэльэгъуэныгъэр кьыщызэІуихым кьэпсэльа, Къэрал Эрмитажым и унафэщІ **Пиотровский Михаил.** Выставкэр кьыщызэІуахым щыІащ музыкэмрэ киномрэ я мазэстрэхэу **Темыркъан Юрэрэ Сокъур Александрэ,** УФ-м щыпсэу адыгэжьм я Лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщІ **Уэ хутэ Александр** (Черкесск), "Адыгэ унэ" тыкуэным и тхьэмадэ **ІутІыкъ Мэжид** (Налшык), США-м, Франджым, Польшэм я генеральнэ консулхэр, дахагъэм дихьх нэгъуэщІ куэдри.

НЫБЭЖЬ Таисэ,
ХьЭПЭ Маринэ.



● Пшыхьэр

Сыхьэтищ Іэ зэпыуакъым

Щ Іалэгъуалэр мин бжыгъэкІэ къыщыщІэзыуэсат тхьэмахуэ кІуэм и мэрем пщыхьщхьэм Абхъазым и утым щекІуэкІа дискотекэм.

«ЗыУЭ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и щІыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм хьэ «Молодая Гвардия» щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэмрэ «Студия-А» телевещанэ холдингымрэ къызэрагъэпэща пшыхьэр нэгуэныжь хуэт. Абы кьрихьэлІэ ныбжьыщІэхэм яІущІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Дышэкі Мадинэрэ** КъБР-м и Президентым и Администрацэм и унафэщІ **Къэжэр Альбертрэ.**

Макъамэр зэпымыууэ сыхьэтищкІэ зэхэта дискотекэр ирегъэкІуэкІащ Ибица европ ешІэ щалэгъуалэ зыгъэпсэхупІэм щыцІэрыІуэ ди-джей Юко Серж. Къыхэгъэщыпхъэщ апхуэдизу цІыху къызэІуахыжьащ. Быдэ щІалэгъуалэ дискотекэ.

Налшык япэу зэрыщІэкІуэкІар икІи абы и къызэгъэпэщащ-кІуэхэм фІыщІэшхуэ зэрахуэфащэр, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, къэІуэтэгъуейщ мафьэмэ псынщІэм зыдэзыщІ ныбжьыщІэхэм я нэгум кІыща гуфІэгъуэмрэ нэщхьфІагъыбмрэ. ЩІалэгъуалэм я зэхьыхьэ яухащ Абхъазым и утыр кьыгъэнэсу уэгум ираутІыпщхьа кьэрэкІытІэ зэмыфэгъуэхэмкІэ.

БЖЬЫНЕЙ Марианнэ.

Щ Іалэгъуалэмрэ ЩІэныгъэмкІэ и министр Шаповаловэ Ириней хьыкІэщІащ дыдэрыт илъэсыр Шкołым кІуэну зыхьэзыр щыкІуэм и нэ лъэсу» республикэм зэрыщІэгъуэнар, нужьрей илъэсыблым кьрыбыдэу къэрэшей алыфбейр япэу мы гъэм кьыщІэдгъэхьэжар.

хьэщыкъуей Олег.

● Щ ІащІэжэм я зэпеуэ

Пэхъ дахэ дыдэхэр

Иджыблагъэ Налшык и Театрэ Щхьэунтэм щекІуэкІащ КъБР-м и Пащащэ нэхъ дахэ дыдэр къыхэхыныкІэ зэхьэзэхуэу. Ар гъэмахуэ псом кьрыубыдэу республикэм и къуажэхэмрэ районхэм щекІуэкІа зэпеуэ хэм я кІэух Іыхьэрат, «Гамма» процессер центрым къызэригъэпэща зэпеуэм хэтащ дахэм я нэхъ дахэу къыхаха хьыджэбз 20-р.

ЖЮРИМ хэсащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу **Эфендиев ФуЭдэрэ Іэпщ Зауррэ,** Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и дэІепыкъ уэгъу **Толасовэ Екатеринэ,** зэпеуэм и спонсор зыбжанэ.

Ащхьэуэт Ритэрэ Къуажькъу Мухьэмэдэрэ ящІэныгъэкІэ зэІущІэ кьызэІуихащ «Хьэтхэр» ансамблым, абы кьыкІэлъыкІуэу утыкум кьихьащ лъэпкъ фащэхэр зыщыгъэ тхьэІуэтхдэр. Пшыхьыр екІуэ-кІыхьэ ахэр номинацэ зыбжанэкІэ зэпеуащ, екІуу утыкум зэритыным хущІэкъу зэпыту кьэфащ, утыщІэ зэхуэмыдэхэм жуэуап иратащ. Пащащэхэм я зэбгрэкІыгъэм ирихьэлІэу кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьырт Осетие Ищхьэрэ - Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я артистхэм.

Иужьрей турым зэхьэзэхуэм хэт тхьэІухудэхэр утыкум кьихьэри, псори зыгъэпІейтей Іыхьэм, текІуахэм я щІэр кьиІуэным, яужь ихьащ. Іуэхущапіэ зэхуэмыдэхэм, псальэм папщІэ, «Eva», «Oriflame», «Prime», «Pupa», нэгъуэщ фирмэхэми я саугъэтхэр зыхуагъэфащэ тхьэІуэтхдэр хуэхахащ. Апхуэдэ саугъэтхэмэ я ящІыпІэхэмрэ яІэрыхьащ **Терентьевэ Светланэ, Дзыкушокъуэ Мариночэ, Сарбашевэ Марьям, Вишневецкая Наталье** сымэ. КъБР-м и пащащэ нэхъ дахэ дыдэу кьалытащ КъБКъУ-м социальнэ лэжьыгъэмкІэ и къудамэр кьэзыІуха, мы гъэм Кавказ Ищхьэрэ зэпеуэм щытекІуа, илъэс 21-рэ зи ныбжь **Ефэндиу Азидэ.** Азидэрэ етІуанэ вицемисс Терентьевэ Светланэрэ (кьызэрэгъэпэщакІуэ хэм я унафэхэр) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьыбгъэдэкІыу Урысей зэкъозэхуэм хэтынущ.

МЭРШЭНКЪУЛ Маринэ.

● Зекіуэ

Къырым зэрыдэкІыным зыхуащІ

СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат балъкъэр усакІуэшхуэ Кулиев Кьайсын кьызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щІыхькІэ Шэджэм аузым и кьыр дзакІэ нэхъ пьа-гъ дыдэу (метр 4200-рэ) абы и щІэр зезыхьэм дэкІыну загъэхьэзыр КъБКъУ-м и студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ ящІыщ гупышхуэм, Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм, МЧС-м я лэжьакІуэ зыбжанэм, Апхуэдэу абыхэм яхэтынущ Тыркум, Германием, Тэтэрстаным, Башкортостаным, Украинэм, Кьыргызыстым, Къзазахстаным, Осетием, Дагъыстаным, Ингушым, Щэшэным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополем щыщ щІэныгъэлІэхэр.

Зекіуэр къыхалъхьащ дыкъэзыухъуреихь дунейр хуэмэнмкІэ дунейпсо пСапащІэ Фондым и щІыналъэ Іуэхущапіэм и унафэщІ Жансуев Владимиррэ Кавказ археологиемкІэ институтым и унафэщІ А табиев Бисалъэнрэ.

Балъкъэр усакІуэм и махуэщхуэр яГъэльэпІэным иджыри мазитІ иІэщ, ауэ кьурышм дэкІынуэр абы хуэІэкІуэльакІуэу зэрыщымытым къыхэкІкІэ, бжьыхьэм и махуэ уэфІхэм зыхъ-рагъэубыдэу ахэр мыгувэу еежьэщІ. Апхуэдэу а зекіуэм хэтхэм я мурадщ Кулиевыр кьыщалъхуа Эльтюбю кьуажэ щыкІум дэт унэ-музеим щыхьэну, усакІуэм и фэепІуэ Налшык дэтым деж абы и усэхэм кьыщеджэну.

БАХЪУ Дахэуэс.

Тхьэкіушынэ Асльэнджэрий и хъуэхъу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Президентым и пресс-Іуэхущапіэм къызэритамкІэ, щІыналъэм и Іу пафэщІ Тхьэкіушынэ Асльэнджэрий иджыблагъэ Краснодар крайм и унафэщІхэм, абы щыпсэуэхэм ехъуэхъуащ щІыналъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 70 зэрыри-къуным.***

«КРАСНОДАР крайм игъэтІапІэ илъэс 70-м ди щІыналъэм дежкІи тхьдэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Илъэсипщі бжьыгъэкІэ Адыгейр автономнэ областу фхэтащ. Ди тхьдэри, щІыри, гуфІэгъэри, гузэвэгъуэри зэпыщІащ. Краснодар крайм нужьрей илъэсхэм игъуэта зэ хъуэкІынныгъэфІхэм дригуфІэ зэпытщ. А псом губернаторым и фІыгъэ куэд хэтыщ.

Си фІэщ мэхъу уи унафэ щІэт Краснодар крайр нэхъри зэрефІэкІуэнур, экономикэ, социальнэ зыужьынныгъэфІхэр зэриГъуэтынур, Фи къуэш, фи гъунэгъу Адыгейри хьэзырщ зэпыщІэныгъэ хэм адэкІи пищэну», - дыкъыщолжэ Тхьэкіушынэ Асльэнджэрий Ткаченкэ Александр и щІэкІэ игъэхьа хъуэхъум.

Дыззрыт илъэсым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭДЖЭС. ***«Егъэджэныгъэ» пэпкъ проектыр Урысей Ипщэмрэ Приволжскэ федерал округымрэ я щІыналъэ хэм хэпща зэрыщыхъуам теухуа зэІущІэ и дыкІыбыдэгъэ Домбей щекІуэкІащ.***

ЗЭІУЩІЭМхэта политикэмрэ егъэджакІуэхэмрэ псом япэу тепсэльыхьащ щІыналъэ, муниципальнэ егъэджэныгъэ Іэнатіэхэм зэрызаужь щыкІэм, «ЕгъэджэнныгъэІ» пэпкъ проектым абыхэм ящыхьэщхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм.

Къэрэшей-Шэрджэсым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Шаповаловэ Ириней хьыкІэщІащ дыдэрыт илъэсыр Шкołым кІуэну зыхьэзыр щыкІуэм и нэ лъэсу» республикэм зэрыщІэгъуэнар, нужьрей илъэсыблым кьрыубыдэу къэрэшей алыфбейр япэу мы гъэм кьыщІэдгъэхьэжар.

хьэщыкъуей Олег.

Пэхъ дахэ дыдэхэр

Иджыблагъэ Налшык и Театрэ Щхьэунтэм щекІуэкІащ КъБР-м и Пащащэ нэхъ дахэ дыдэр къыхэхыныкІэ зэхьэзэхуэу. Ар гъэмахуэ псом кьрыубыдэу республикэм и къуажэхэмрэ районхэм щекІуэкІа зэпеуэ хэм я кІэух Іыхьэрат, «Гамма» процессер центрым къызэригъэпэща зэпеуэм хэтащ дахэм я нэхъ дахэу къыхаха хьыджэбз 20-р.

ЖЮРИМ хэсащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу **Эфендиев ФуЭдэрэ Іэпщ Зауррэ,** Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и дэІепыкъ уэгъу **Толасовэ Екатеринэ,** зэпеуэм и спонсор зыбжанэ.

Ащхьэуэт Ритэрэ Къуажькъу Мухьэмэдэрэ ящІэныгъэкІэ зэІущІэ кьызэІуихащ «Хьэтхэр» ансамблым, абы кьыкІэлъыкІуэу утыкум кьихьащ лъэпкъ фащэхэр зыщыгъэ тхьэІуэтхдэр. Пшыхьыр екІуэ-кІыхьэ ахэр номинацэ зыбжанэкІэ зэпеуащ, екІуу утыкум зэритыным хущІэкъу зэпыту кьэфащ, утыщІэ зэхуэмыдэхэм жуэуап иратащ. Пащащэхэм я зэбгрэкІыгъэм ирихьэлІэу кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьырт Осетие Ищхьэрэ - Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я артистхэм.

Иужьрей турым зэхьэзэхуэм хэт тхьэІухудэхэр утыкум кьихьэри, псори зыгъэпІейтей Іыхьэм, текІуахэм я щІэр кьиІуэным, яужь ихьащ. Іуэхущапіэ зэхуэмыдэхэм, псальэм папщІэ, «Eva», «Oriflame», «Prime», «Pupa», нэгъуэщ фирмэхэми я саугъэтхэр зыхуагъэфащэ тхьэІуэтхдэр хуэхахащ. Апхуэдэ саугъэтхэмэ я ящІыпІэхэмрэ яІэрыхьащ **Терентьевэ Светланэ, Дзыкушокъуэ Мариночэ, Сарбашевэ Марьям, Вишневецкая Наталье** сымэ. КъБР-м и пащащэ нэхъ дахэ дыдэу кьалытащ КъБКъУ-м социальнэ лэжьыгъэмкІэ и къудамэр кьэзыІуха, мы гъэм Кавказ Ищхьэрэ зэпеуэм щытекІуа, илъэс 21-рэ зи ныбжь **Ефэндиу Азидэ.** Азидэрэ етІуанэ вицемисс Терентьевэ Светланэрэ (кьызэрэгъэпэщакІуэ хэм я унафэхэр) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьыбгъэдэкІыу Урысей зэкъозэхуэм хэтынущ.

МЭРШЭНКЪУЛ Маринэ.

Тхьэхэм дихьэхьэхэм я зыщыгъашхьэ

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым кьыдигъэкІа тхылъхэу «ЛІэщІыгъуэ куэд.зи ныбжь зэныбжьэгъуэгъэмрэ зэдзэлажьэныгъэмрэ я тхьдэр», «ПащтыхьыкІ и титулымрэ урыс къэралым и геральдикэмрэ Къэбэрдей щІыналъэр кьызэрыщыгъэпэщ», «Къэбэрдей-щэрджес псапльалъэ» (*томитІ хъуу*), «Къэбэрдей таурыхьэхэр», «Адыгэ этнографие къэпсэльыкІэхэм я псальалъэ», «Къэрэшей-балъкъэр псальалъэ» (*томищ хъуу*), «Балъкъэрхэм я щэнхабзэмрэ къадзэгъэгурыкІуэ хабзэхэмрэ», «КъБР-м щыІэ урыс, украин жылагъуэхэр», «Къзазакъэм я зэхэтыкІмрэ я щэнхабзэмрэ», нэгъэущІхэри езэгъырабгъу щащэ мы адресымкІэ: **Налшык къалэ, Пушкиным и уэрам, 18. Телефонхэр: 42-42-74, 42-46-97, 42-18-68.**

Сабий поликлиникэри нобэ къызэІуах.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Пэшхьэ Іуэрыіуатэ

Зэдэшхэ Іефіши, зэдэфІ унэщ

Пэшхьэ Іуэрыіуатэ

Зэдэшхэ Іефіши, зэдэфІ унэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм и щIышылэ - мэкъуаугъуэ мазэхэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм къыркIуахэмрэ 2007 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыпэщыт къалэнхэмрэ я Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм фокIадэм и 14-м *№234-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм и щIышылэ - мэкъуаугъуэ мазэхэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм къыркIуахэм я Iуэхугъэ докладыр къэлытыгъ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министерствэм (Ерчэн Т.Хъу.), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъужыгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм (Афэщлагъуэ М.Хь.), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Уэзыншагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм (Бицу В.Г.), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм (ЩIэхъэпсо С.Хь.), лъэпкъ проект пэрытхэмкIэ ведомствохэм эддай лэжьакIуэ гупхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 18-м къыдигъэкIа Указ №21-УПмкIэ кьищтахэм яхуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ проект пэрытхэр щыгъэзэжIыным хуэунэтIауэ жубзыкуэ Iуэхугъэр зэфIэгъэкIыныр кьыззэрагъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын, кредитхэм процентхэкIэ щхьэщатыкIэ ахъшэм щыщ Iыхьэ хуапшыныжьным трагъэкIуэдзэн папщIэ федеральнэ бюджетым къыутIыпщ субсидиехэр къэгъэсэбэпа лIэу хьэпщ, мэкъумэщ продукц къэзылэжь Iэнатlэ мыинхэм кредиту сом мелуан 700 яхуэхъунымэ теухуа лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щатха е Урысей Федерацre и Банк Нэхъыщхьэм ильэныкъо щыIэ икIи «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьныныр» лъэпкъ проект пэрытыр гъэзэщIэным хэлъэныкъэр щыIыгъу кьыззэрагъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпынымкIэ и министерствэм (Шипов В.А.) хуэгъэувын 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м фIэмыкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыщыхилъхьэну зыубгъуауэ щыIэ хуэгъэувыгъуэхэр эгъэзэхуауэ икIи фейдэ пылъу къэзэрэсымкIэ Iуэхугъуэу мы къыкIэлъыкIуэхэм яхуэзэгъэнкIахэр:

щIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр кьагъэсэбэпну ехут эращI хабзэхэр гъэзэщIэным, а хъугъуэфIыгъуэхэр щхьэзыфIэфIу кьыщагъэсэбэп кьэмыгъэхъуным;

геологие кьэхутэныгъэхэр нэгъэсауэ егъэкIуэкIыныр, хъугъуэфIыгъуэхэр тэмэму икIи зэкIэлъыкIуэу кьэгъэсэбэпынымрэ, ахэр хъумэныр кьызэгъэпэщыным;

гъэПылыпхъэу щыIэхэм я кьэрал экспертизэрэ кьэрал учетрэ егъэкIуэкIынымрэ, хъугъуэфIыгъуэу кьыщIахыр инэжыгъэ зыхуэдизыр учет щIыныр кьызэгъэпэщыным;

хъугъуэфIыгъуэхэр кьыщыщIах щIыпIэхэм промышленнэ, унагъуэ кIэрыхубжьэрыхуэхэр щызэтрихьэ кьэмыгъэхъуным.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, гъэзыныхпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм (Уянаев К.Хь.-М.) хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр хэплъэн папщIэ мы кьыкIэлыкIуэ унафэхэм я проектхэр кьыхилъхьэну:

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м нэсыху - «2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым зэрызиужьыну концепцэм и Iуэхугъэ»;

2007 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м нэсыху - «2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зэрызиужьыну концепцэм и Iуэхугъэ»;

«Волжанин» автобус заводым и Iуэхугъапlэу псоми кьагъэсэбэп автобусхэр щызэпкъраль хъэм 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу лажьэу щIидзэнымрэ Бахъсэн кьалэ округым и администрацэм (Афэщlыкъ Ю.С.) щIыгъуу кьызэригъэпэщыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъужыгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр езым фIэфIу Урысей кьэралым зэрыхьхьэр илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэлъапIэмэ ирихьэлIэу хьэпщ, мэкъумэщ продукц кьэзылэжь Iэнатlэ мыинхэм кредиту сом мелуан 700 яхуэхъунымэ теухуа лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щатха е Урысей Федерацre и Банк Нэхъыщхьэм ильэныкъо щыIэ икIи «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьныныр» лъэпкъ проект пэрытыр гъэзэщIэным хэлъэныкъэр щыIыгъу кьызэригъэпэщыну.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ТранспортымкIэ, связымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм (Сэнд А.А.) хуэгъэувын 2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэгуэу псоми кьагъэсэбэпхэм гъуэгу лэжьыгъэхэр щегъэкIуэкIыныжмкIэ яубзыхуэ программхэр гъэзэщIэныр кьызэригъэпэщыну.

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Кьэрал мылъкур зехьэныжу щы ресурсхэмкIэ и министерствэм (Сэхъу М.И.) хуэгъэувын «2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кьэрал мылъкур приватизацэ щIыныжмкIэ зыхуэплъэ планым (программэм) и Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэ и проектыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр хэплъэн папщIэ 2007 гъэм фокIадэм и 20-м нэсыху кьыхилъхьэну.

9. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм (Фырэ Р.Б.) хуэгъэувын «2007 - 2010 гъэхэм санаторэ-курорт комплексым зэрызиужьынум и концепцэм и Iуэхугъэ» унафэм и проектыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр хэплъэн папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныжу щы ресурсхэмкIэ и министерствэм щIыгъуу 2007 гъэм фокIадэм и 25-м нэсыху кьыхилъхьэну.

10. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын:

курыт, щIэIэдзэ профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхугъапlэхэм щIыхь къэс тещIыхьауэ ахъшэ зэрыхуауэтIыпщ, лэжьапIэ зэрыщат щIыкIэм и нормативэ-правовой лъабжьэр 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м нэсыху зохилъхьэну;

адэ-анэ зыщIхьэщымытыж сабийхэр унагъуэхэм щапIыну етныныкIэ кьагъэсэбэп Iэмал псори иригъэфIэкIуэну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пэщIэтIэ зэрыщIыныжмкIэ и Iуэхугъапlэхэм рабочэ Iэщагъэ зиIэ лэжьакIуэхэр щыгъэхъэзырыныжмкIэ планыр мы Iуэхум егъэщIылIа министерствэхэм яIщIыгъу 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м нэсыху кьыхилъхьэну.

11. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Уэзыншагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъхэм я администрацхэм яIщIыгъу:

бюджет Iэнатlэм щылажьэ щIыхуэхэм я диспансеризацэр аргуэру и эманым ирагъэкIуэкIыным нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыну;

сабий щIынуе, илъэ иримыкьауэ лIэж сабийхэм я бжьыгъэ гъэмэщIэным теухуауэ гъэтIылъыпIэ зимыIэ Iуэхугъэ зэфIигъэкIыну.

12. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министерствэм (Тюбеев А.И.) хуэгъэувын сабий ахъшэр зратхэм теухуа бжьыгъэхэр кьэпщытэжьыну 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м нэсыху зэфIигъэкIыну.

13. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэ-зэйствэмкIэ и министерствэм (Тут З.Н.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэмрэ 2007 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм къыпэщыт къалэнхэмрэ я Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм гъатхэпэм и 1-м кьищта унафэ №46-ПП-м.

15. Мы Унафэр гъэзэщIэным хуэзэщIыпылъыну и щIэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп кьуэдзэ Тхьэ ятIыхьэ М.ТI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
ЯРИН Андрей

● Теплъэгъуэхэр

Налшык и уэрамхэм щыфIэдза плакатхэм кьалэр нэхъри ягъэщIэращIэ. ЩIэх-щIэхьуирэ зэрахъуэкI, теплъэгъуэ зэхуэмыдэхэр кьызэрыщ а сурэтышхуэхэр кьалэ дэлъэдапIэхэм, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыфIэлъщ, дэтхэнэми цIыхубэм я деж Iуэхугъуэ гуэр нихьэсу.

Мы сурэтым щыфIъагъу плакатым КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм пщIэ зэрахуищIыр кьритхэлъагъуэ. Абы кьыбгъэдэсыр Зеикъуэ кьуажэм щыщ сэлэт хаху Щомахуэ Пльостэнщ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЩIымахуэм хуэхьэзыру пIэрэ?

● ЗэIущIэхэр

Иджыблагъэ КъБР-м ПромышленностымкIэ, гъэзыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и уиэн щеIуэкIащ республикэм и Iуэхугъапlэхэр 2007-2008 гъэхэм я бжьыхь-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырыр кьэзыпщытэ республикэ комиссэм хэтхэм я зэIущIэ.

ЗэIущIэр кьыззэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьудзэ **Чеченов Ануар.**

Бжьыхь-щIымахуэ лъэхъэнэм республикэм зэрызыхуэгъэзэзырым теухуауэ доклад ищIащ промышленностымкIэ, гъэзыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Уянаев Казим.**

Лэжьыгъэхэр Правительствэм и мэлыжьхьыным и 3-м кьищта планым тету зэфIагъэкI, - жиIащ министрым, - лъэхъэнэм зыхуагъэхъэзырыр щIадзащ накьыгъэм и пэщIэдзэ хэм. Мы зэманым а Iуэхугъэхэм пащэ.

Объектхэр гъэхьэзырыным трагъэкIуэдэну республикэ бюджетым сом мелуан 95-рэ хухихащ. Абы щыщу мелуан 30-р жьы хъуа котелхэр, бжьамий километр 11,4-рэ зэрэкъэжьыным, сом мелуан 15,2-р Налшык и «Ипщэ-Къуэкъэпlэ» котельнэм пэщIэхьэкIи 2 кьыхуащэхи папщIэ, сом мелуани 8-р Налшык Кировым и щэкIэ щыIэ уэрамым хуафэ зрикIуэ бжьамийхэр, мелуанищIыр хуабэбж счетчик 50-рэ газыр зыхуэпсын кьэзыхуэтэ Iэмэпсымэ 128-рэ гъэувыным, мелуан 30-р Тырныауэ блок-модуль котельнэ 3 щагъэувыным хухахащ.

